



IRS.gov/rrc

Reklamasyon **Kredi** **Ranbousman Rekiperasyon** **2021** an Lè Ou Pa Fè Deklarasyon Taks Nòmalman

Majorite moun kalifye yo te deja resevwa pèman relans yo e yo pa kalifye pou reklame yon kredi.



Si ou **kalifye** epi ou pa t resevwa tout twazyèm Pèman Enpak Ekonomik yo, ou ka kalifye pou reklame **Kredi Ranbousman Rekiperasyon** an. Pou reklame li, ou dwe fè yon deklarasyon taks 2021 menm si yon lòt bò ou pa gen **ekzijans pou ou fè yon deklarasyon taks**. Kredi Ranbousman 2021 w lan ap nan ranbousman Rekiperasyon taks ou a.

Pou deklare yon manyè kòrèk epi pou evite reta, w ap bezwen **montan total tout twazyèm Pèman Enpak Ekonomik** ou te resevwa.

Ou kapab jwenn enfòmasyon sa sou **Kont Anliy** pèsonèl ou oswa nan Lèt 6475, ki genyen pou tit Twazyèm Pèman Enpak Ekonomik Ou, IRS la ap voye pou konfime montan total pèman ou yo pou ane fiskal 2021 an.

Deklarasyon Gratis IRS se yon bon opsyon pou moun ki ap fè yon deklarasyon taks, sèlman pou reklame **Kredi Ranbousman Rekiperasyon 2021** an.

Mwayen ki pi an sekirite ak pi rapid pou jwenn yon ranbousman taks, ki t ap gen Kredi Ranbousman Rekiperasyon w lan, se mete deklarasyon elektwonik avèk **depo dirèk** ansanm.

Gade seksyon espesyal la sou IRS.gov sou **reklamasyon Kredi Ranbousman Rekiperasyon an si ou pa gen ekzijans pou fè yon deklarasyon taks**.